



Anba a genyen kritè ke Ajans pou Moun Andikape a (APD) itilize pou detèmine si yon moun satisfè egzijans règ pou Enskripsyon Egzansyon Kriz yo.

Pou aplike pou Enskripsyon Egzansyon Kriz la yon moun dwe:

- Yon kandida k ap soumèt yon nouvo aplikasyon pou sèvis APD yo, oswa
- Yon aktyèl kliyan APD nan pre-enskrripsyon, epi
- Genyen dokiman ki di li sanzabri, an danje pou tèt li ak pou lòt moun, oswa swanyan li a pa kapab bay swen

Asire ke li rasanble tout dokiman ki nesesè yo pou soumèt

Genyen plis detay nan pwochen paj la ki pral eksplike ki dokiman ki nesesè pou chak kategori.

Klike sou Kategori Kriz la Anba a pou jwenn Enfòmasyon Espesifik sou Dokiman

Sanzabri
Danje pou Tèt Li oswa pou Lòt Moun
Swnayan an Pa Kapab Bay Swen

Si ou gen nenpòt kesyon jeneral, tanpri kontakte nou nan 1-866-APD-CARES (1-866-273-2273):
Lokal Biwo APD Lokal yo

Pou kesyon espesifik sou kriz, tanpri rele:

Biwo Nòdwès - (850) 595-8085
Biwo Nòdès - (386) 238-4607
Biwo Santral - (407) 768-6326
Biwo Suncoast - (239) 338-1327
Biwo Sidès - (561) 822-4596
Biwo Sid - (305) 810-1016



Gid Rapid: Demann Evalyasyon Kriz

Dokimantasyon Ki Nesesè Lè Y ap Mande yon Evalyasyon Kriz nan Moman Aplikasyon pou Sèvis yo

Pou APD kòmanse pwosesis evalyasyon kriz la, yo dwe te detèmine ke yon moun elijib pou sèvis APD yo selon seksyon 393.065, F.S., epi dwe satisfè egzijans nivo swen an pou yon etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl selon regleman federal yo. Tanpri soumèt dokiman ki nesesè pou kriz yo ki endike nan Gid Rapid la. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplike pou Sèvis APD ak Demann Evalyasyon Kriz la sèlman epi pa yon lis eksklizif Si nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa dokiman pou kapab fè evalyasyon kriz la.

Swanyan An Pa Ka Bay Swen	Egzanp Dokiman Ki Kapab Nesesè Yo
Kliyan an ap viv avèk yon swanyan ki nan sitiyasyon detrès ekstrèm epi pa kapab bay sekirite ak sante pou kandida a akòz maladi, domaj, oswa laj avanse, epi kandida a bezwen yon swanyan Tankou: • san dispozisyon sèvis egzansyon rapid, sante ak sekirite kandida a nan gwo risk, • san dispozisyon sèvis egzansyon rapid yo, kandida a pa ka rete viv avèk swanyan an, • lòt swanyan potansyèl yo, tankou yon lòt paran, boparan, frè, sè oswa lòt pwòch oswa moun, pa disponib oswa pa kapab bay swen, • kondisyon fizik oswa mantal swanyan an anpeche dispozisyon swen ki apwopriye, oswa • laj swanyan an anpeche kapasite swanyan an pou bay ase swen pou kandida a, oswa • swanyan an pa ka bay ase swen akòz laj oswa gwose kandida a, oswa egzijans fizik, fonksyonèl, oswa konpòtmantal kandida a, oswa • lòt sikonstans anpeche swanyan an bay swen ki apwopriye.	• Youn oswa plis nan dokiman ki swiv yo kapab nesesè: ○ Dosye medikal ▪ Si kondisyon oswa sikonstans lan rive akòz yon kondisyon medikal, dwe bay deklarasyon yon medsen pou eksplike rezon ki fè aktyèl swanyan an pa ka kontinye. ▪ Swanyan an dwe dekri epi siyen sikonstans ki pa gen yon nati medikal yo ○ Apwobasyon/ otorizasyon Plan Medicaid Eta a anvan fòmilè apwobasyon otorizasyon sèvis alavans yo (si li poko gen 21 lane) ○ Orè travay ○ Avi degèpisman/avi sezi ○ Lis medikaman ○ Lèt de Sèvis Andikap Sekirite Sosyal la ○ Plis pase yon timoun ki gen yon andikap/swanyan pou lòt moun ○ Lisans chofè/pyès idantite ki gen foto ○ Rapò fòsdelòd yo ○ Diplòm lekòl segondè kliyan an (si yon bezwen pou sipò/sipèvizyon se yon baz pou aplikasyon pou kriz, ex: Fòmasyon Lajounen pou Adilt (ADT), Sipò Pèsonèl, elatriye) ○ Lèt revokasyon anplwayè an bay ○ Deklarasyon avantaj pou chomaj ○ Refi sèvis nan men asirans sante prive ○ Deklarasyon alekri swanyan an ki dekri rezon ki fè yo pa kapab jwenn travay oswa sipòte kliyan an ○ Prèv kredib nan men swa swanyan an, fòsdelòd yo, ankèt sèvis pwoteksyon DCF yo, lopital, dokiman tribinal, oswa lòt pwofesyonèl ki okouran de konpòtman danjere kliyan an ki mete sante ak sekirite l arisk anpil. *Nòt: dokiman yo ta dwe ajou nan lespas 12 dènye mwa yo.

Gade **Chapit 393, Lwa Florid yo; Règ 65G-1.046-047, Kòd Administratif Florid la** pou plis detay.

Genyen lòt enfòmasyon ki disponib nan **Aplike pou Sèvis yo**.



Dokimantasyon Ki Nesesè Lè Y ap Mande yon Evalyasyon Kriz nan Moman Aplikasyon pou Sèvis yo

Pou APD kòmanse pwosesis evalyasyon kriz la, yo dwe te detèmine ke yon moun elijib pou sèvis APD yo selon seksyon 393.065, F.S., epi dwe satisfè egzijans nivo swen an pou yon etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl selon regleman federal yo. Tanpri soumèt dokiman ki nesèsè pou kriz yo ki endike nan Gid Rapid la. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo ak Demann Evalyasyon Kriz yo se yon referans sèlman epi pa yon lis eksklizif. Si sa nesèsè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokiman pou kapab fini evalyasyon kriz la.

Danje pou Tèt Li oswa pou Lòt Moun	Egzanp Dokiman Ki Kapab Nesèsè Yo
Kliyan an montre konpòtman ke san dispozisyon sèvis egzansyon rapid sa kapab kreye yon sitiyasyon ki mete lavi l oswa lavi lòt moun an danje. Tankou: • sante ak sekirite kandida a oswa lòt moun nan kay la arisk, • domaj souvan oswa entans pou tèt li oswa pou lòt moun, • risk pou gwo domaj oswa domaj pèmanan pou tèt li oswa pou lòt moun oswa • tretman medikal ki dokimante pou domaj pou tèt li oswa sou lòt moun oswa • pa gen okenn sipò ki disponib pou abòde konpòtman yo.	• Youn oswa plis nan dokiman ki swiv yo• kapab nesèsè: ○ Rapò lapolis/rapò arestasyon ○ Dosye lekòl (IEP yo) ○ Rapò ensidan ○ Evalyasyon konpotman/Rapò ak graf analiz konpòtman ○ Apwobasyon/ otorizasyon Plan Medicaid Eta a anvan fòmilè apwobasyon otorizasyon sèvis alavans yo (si li poko gen 21 lane) ○ Dokiman jiridik (papyè tribunal / libète sou kondisyon / lòd ak restriksyon/final) ○ Rapò sou lwa Baker yo ○ Lis medikaman ○ Videyo, foto oswa lèt ○ Plan sekirite ak done (graf) ki soti nan men pwofesyonèl konpòtmantal la *Nòt: dokiman yo ta dwe ajou nan lespas 12 dènye mwa yo.

Gade **Chapit 393, Lwa Florid yo; Règ 658-1.046-047, Kòd Administratif Florid la** pou plis detay.

Genyen lòt enfòmasyon ki disponib nan **Aplike pou Sèvis yo**.



Dokimantasyon Ki Nesesè Lè Y ap Mande yon Evalyasyon Kriz nan Moman Aplikasyon pou Sèvis yo

Pou APD kòmanse pwosesis evalyasyon kriz la, yo dwe te detèmine yon moun elijib pou sèvis APD yo selon seksyon 393.065, F.S., epi dwe satisfè nivo egzijans swen pou yon etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl selon regleman federal yo. Tanpri soumèt dokiman ki nesesè pou kriz yo ki endike nan Gid Rapid la. Tanpri sonje ke Gid Rapid la: Aplikasyon pou Sèvis APD yo ak Demann Evalyasyon Kriz yo se yon referans sèlman epi pa yon lis eksklizif. Si sa nesesè, APD kapab mande lòt enfòmasyon oswa lòt dokiman pou kapab fini evalyasyon kriz la.

Sanzabri	Egzanp Dokiman Ki Kapab Nesesè Yo
Kliyan an sanzabri kounye a, l ap viv nan yon abri pou moun ki sanzabri, l ap viv nan yon anviwònman ki danjere, oswa nan lojman ki pa sekirize. Tankou yon espas kote: • vyolans oswa aktivite illegal ap rive, • kandida a arisk pou abi, neglijan, oswa eksplwatasyon, • pa gen ase espas, espas ki apwopriye, oswa okenn espas pou abrite kandida a, oswa • yo pa prevwa pou aranjman lavi a dire plis pase plizyè semèn.	• Youn oswa plis nan tip dokiman sa yo kapab nesesè: ○ Avi degèpisman/avi sezi ○ Prèv l ap viv nan yon abri ○ Prèv liberasyon nan prizon san li pa gen okenn kote pou viv ○ Prèv yon anviwònman lavi tanporè ○ Prèv kredib de swa swanyan an, fòsdelòd, ankèt sèvis pwoteksyon DCF, lopital, dokiman tribunal, oswa lòt pwofesyonèl ki okouran de sante ak sekirite ki se yon gwo risk. ○ Dokiman alekri de nenpòt moun ki okouran de sitiyasyon kliyan an. *Nòt: dokiman yo ta dwe ajou nan lespas 12 dènye mwa yo.

Gade **Chapit 393, Lwa Florid yo; Règ 65G-1.046-047, Kòd Administratif Florid la** pou plis detay.

Genyen lòt enfòmasyon ki disponib nan **Aplike pou Sèvis yo**.

Tounen